# QARAQALPAQ DÁSTANLARINDA XALIQTIŃ JÁMIYETLIK-RUWXIY KÓZ QARASLARI

Kadirbergenova Gozzal Turìmbetovna

https://doi.org/10.5281/zenodo.17223773

**Annotaciya.** Bul maqalada qaraqalpaq dástanlarında xalıqtıń jámiyetlik-ruwxıy kózqarasları tereń tallanǵan. Atap aytqanda, dástanlarda xalıqtıń erkinlik hám ádalatqa bolǵan umtılısı, shańaraqlıq qádiriyatlarǵa itibarı, birlikke shaqırıwshı ideyaları, sonday-aq, iygilik hám jawızlıq, hadallıq hám qıyanet sıyaqlı ruwxıy ólshemlerdiń kórkemlik sáwleleniwi kórsetilgen. Maqalada "Qırıq qız", "Alpamıs", "Sharyar" sıyaqlı ataqli dástanlar tiykarında xalıqtıń tariyxıy yadı, filosofiyalıq kózqarasları hám tárbiyalıq-aǵartıwshılıq ideyaları tallanıp, olardıń búgingi kúnde de áhmiyetli ekenligi atap ótilgen. Sonday-aq, dástanlardıń jas áwladtı watansúyiwshilik, sadıqlıq, hadallıq hám insanıy qádiriyatlarǵa húrmet ruwxında tárbiyalawdaǵı áhmiyeti ashıp berilgen.

**Tayanısh sózler:** Qaraqalpaq dástanları, xalıq awızeki dóretpesi, jámiyetlik kózqaraslar, ruwxıy qádiriyatlar, erkinlik, ádalat, birlik, tárbiyalıq áhmiyeti, folklor, milliy miyras.

**Kirisiw.** Qaraqalpaq xalqınıń awızeki dóretpesi bay hám ráń-báreń bolıp, olardıń kórkem miyrasında dástanlar ayrıqsha áhmiyetke iye. Ásirler dawamında qáliplesken dástanlar tek ǵana xalıqtıń estetikalıq talǵamı hám dóretiwshilik qábiletin sáwlelendirip qoymastan, al onıń tariyxıy yadın, jámiyetlik turmısın hám ruwxıy kózqarasların da ańlatadı. Sol sebepli dástanlar xalıq filosofiyasınıń, dúnyaqarasınıń hám turmıslıq tájiriybesiniń belgisi sıpatında bahalanadı [5].

Qaraqalpaq dástanları, ádette, xalıqtıń erkinlikke umtılıwı, ádalatlı jámiyetke bolǵan isenimi, watan hám xalıqtı súyiw ideyası menen suwǵarılǵan. Usı jaqtan olar xalıq ruwxıyatınıń, arzıw-úmitleriniń sáwleleniwi bolıp xizmet etedi. Olardı tallaw barısında xalıqtıń jámiyetlik-ruwxıy kózqarasları qanshelli tereń hám kóp qırlı ekenin kóriw múmkin.

Bárinen burın, qaraqalpaq dástanlarında xalıqtıń sociallıq kózqarasları keń kólemde kórsetiledi. Olar jámiyettegi sociallıq qatnasıqlardı, adamlar arasındaǵı ádillik hám teńlikti súwretlew arqalı óz kórinisin tabadı. Máselen, "Qırq qız" dástanı qaraqalpaq xalqınıń erkinlik hám azatlıq ushın gúreskenligin ayqın kórsetedi. Shıǵarmada súwretleniwinshe, Allayar baydıń jalǵız qızı Gúlayım qırq dostı hám óz ashıǵı Arıslan menen Iran shahı Nadirshah hám qalmaq xanı Surtaysha hújiminen jurttı qorǵawǵa atlanadı.  Bul arqalı xalıq ádillik, erkinlik hám ǵárezsizlik ushın gúresiw muqaddes minnet ekenligin atap ótken.

Sonday-aq, qaraqalpaq dástanlarında shańaraqlıq turmıs, tuwısqanlıq baylanıslar, qáwimlik hám ruwlıq qatnasıqlar da sáwlelenedi. Bul jaǵday xalıqtıń sociallıq turmısı qanday tiykarlarda shólkemlestirilgenin kórsetedi. Máselen, kóplegen dástanlarda ata-anaǵa húrmet, shańaraqtıń abırayın qorǵaw hám áwladtı dawam ettiriw xalıqtıń eń áhmiyetli qádiriyatları sıpatında ulıǵlanadı.

Bunnan tısqarı, dástanlarda sociallıq qatlamlasıw máseleleri de seziledi. Jaqsı patsha ádil hám aqıllı basqarıwshı sıpatında súwretlense, zalım hám ádalatsız húkimdar bolsa xalıqtıń ashıwın keltiretuǵın obraz sıpatında qaralap kelingen. Usı tárizde dástanlarda xalıq ádalatlı jámiyet qurıw haqqındaǵı kózqarasların kórkem obrazlar arqalı sáwlelendirgen.

Qaraqalpaq dástanları xalıqtıń ruwxıy kózqarasların da tereń sáwlelendiredi. Dástanlarda jaqsılıq hám jawızlıq, hadallıq hám qıyanet, pidayılıq hám menmenlik sıyaqlı qarama-qarsı túsinikler keń kórkem qurallar arqalı ańlatıladı. Qaharmanlardıń ádette xalıq árman etken ideal

insan pazıyletlerine iye bolıwı, yağnıy mártlik, sadıqlıq, hadallıq, watansúyiwshilik hám doslıqqa sadıqlıq sıyaqlı pazıyletlerdi jámlestiriwi teginnen emes [1].

Máselen, "Alpamıs" dástanı xalıqtıń ádep-ikramlılıq kózqarasların ayqın sáwlelendiredi. Onda qaharman márt, ádil hám xalqın qorǵawǵa tayar insan sıpatında súwretlenedi. Sonıń menen birge, Alpamıstıń shańaraqlıq sadıqlıǵı, dostına bolǵan opadarlıǵı hám ata-anaǵa húrmeti de xalıq ruwxıylıǵında qanshelli áhmiyetli orın tutatuǵının kórsetedi.

Unamsız obrazlar bolsa xalıqtıń jek kóriwin oyatıwshı insanıy illetlerdi sáwlelendiredi. Máselen, satqınlıq, qıyanet, ashkózlik, menmenlik sıyaqlı qásiyetlerge iye qaharmanlar xalıq arasında qaralaǵan. Bul arqalı dástanlar jas áwladqa sabaq berip, olardıń sanasında jamanlıqtan uzaq turıw hám jaqsılıqqa umtılıw ideyaların qáliplestirgen.

Sonı ayrıqsha atap ótiw kerek, qaraqalpaq dástanları tek xalıqtıń sociallıq-ruwxıy kózqarasların ǵana bildirmeydi, al olardı jas áwladqa jetkeriwshi, olardı tárbiyalawshı qural sıpatında da xizmet etedi. Sebebi, dástanlarda keltirilgen qaharmanlardıń háreketleri, olardıń jurtqa, shańaraqqa hám xalıqqa bolǵan muhabbatı jaslardı da usınday qádiriyatlarǵa ámel etiwge iytermeleydi.

Bunnan tısqarı, dástanlar xalıqtı birlikke, tatıwlıqqa shaqıradı. Olar arqalı insanlar bir-birine járdem beriw, qıyınshılıqlardı birgelikte jeńiw, dushpanǵa qarsı birge bolıw sıyaqlı ideyalardı ózlestiredi. Sol sebepli dástanlardıń tárbiyalıq hám aǵartıwshılıq áhmiyeti sheksiz.

Qaraqalpaq dástanları tek ǵana sociallıq hám ádep-ikramlılıq qádiriyatlardı emes, al xalıqtıń filosofiyalıq kóz-qarasların da sáwlelendiredi. Olar insan ómiriniń mazmunı, watan hám eldiń muqaddesligi, insanıy pazıyletlerdiń mánisi haqqında tereń pikir júrgizedi. Usı jaǵınan, dástanlar xalıq filosofiyasınıń kórkemlik forması bolıp xizmet etedi.

Máselen, "Sharyar" dástanında qaharmannıń mashaqatlı jolı, onıń sınaqlardan ótiwi hám aqır-ayaǵında jaqsılıqtıń jeńisi filosofiyalıq mániste insan turmısınıń quramalılıǵı, biraq sabır-taqat hám mártlik penen barlıq qıyınshılıqlardı jeńiw múmkinligi haqqındaǵı kózqaraslardı bildiredi [3, 803-807].

**Juwmaq**. Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq dástanları xalıqtıń sociallıq hám ruwxıy kózqarasların jámlestirgen biybaha derek bolıp tabıladı. Olar arqalı xalıq erkinlik hám ádalat, jaqsılıq hám jawızlıq, watan hám xalıq, shańaraq hám tuwısqanlıq sıyaqlı túsiniklerge qalay qaraǵanın biliw múmkin. Dástanlar jámiyet turmısınıń áhmiyetli táreplerin, ruwxıy qádiriyatlardı hám filosofiyalıq pikirlerdi ózinde jámlegeni menen de ózine tán.

Eń áhmiyetlisi, qaraqalpaq dástanları búgingi kúnde de óz áhmiyetin joǵaltpaǵan, al jas áwladtı milliy ruwxta tárbiyalawda, olardı watansúyiwshilikke, awızbirshilikke hám insanıylıq qádiriyatlarǵa sadıqlıqqa shaqırıwda áhmiyetli orın iyeleydi. Demek, qaraqalpaq dástanların úyreniw tek folklortanıw emes, al ruwxıy-aǵartıwshılıq tárbiya kózqarasınan da úlken áhmiyetke iye.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Abdramanova, D. (2025). QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTANLARÍ. Modern Science and Research, 4(5), 1772-1775.

2. K. Pàlımbetov P. Allàshov . Ádebiyat. 6-klàss ushın (sàbàqlıq-xrestomàtiyà). Nókis, «Bilim», 2017-j. 240 bet.

3. Qutlimuratov, K., & Eshmuratova, N. (2024). SHARYAR DÁSTANI ÁHMIYETI, QARAQALPAQ XALQINIŃ ÚRP-ÁDETLERI HAQQINDA ONIŃ HÁZIRGI JASLAR TÁRBIYASINA,

SANA SEZIMINE SIŃDIRIP BARIW. Modern Science and Research, 3(11), 803-807.
4. Paksoy, H. B. (1995). Dastan genre in Central Asia. Modern Encyclopedia of Religions in Russia and the Soviet Union, 5(23), 222-231.
5. Юсупов, К. А. (2021). Изучение литературных жанров. EDITORIAL BOARD, 198.